# ГЪУДУЛЛЪИ
РУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 65 (10065) | 19 ноябрь | АРБАГI | 2019 сон


## Владимир Васильев принял участие в торжественном открытии спортивного зала в селении Ансалта



# СПОРТЗАЛ - ПРЕЗИДЕНТАСУЛ АНСАДЕРИЕ САЙГЪАТ



Аллагьасулго хIалкIолъи ва хIикмат: доб къоялъ букIараб хинаб ва берцинаб гьава-бакъ. «Берцинаб» гIурдаде ракIарун цоял, школалъул азбаралде ракIарун цойгидал, цоцаздасан цере ккезе гIадин, гIедегIун «БайичIо» авалалде унеб росдал жамагIат…

Жакъаги роххичIел Ансал кидаха роххилел, районалдецин гурев, гIагараб росулъе Республикаялъул бетIер Васильев вачIунев вугелъулха! Гьеб цо роххел, цойгидабин абуни жеги чIухIизеги роххизеги ккараб буго: Россиялъул Президентасул амруялда рекъон гьаниб бана беричаб ва берцинаб спорталъулаб кIалгIа. Гьеб рагьулеб къо къарнабаз хутIила ансадерил рекIелъ.

…Гьаваялдасан чIвана вертолета лъул сас, росдада тIад тIавапги гьабун, гьеб рещтIана росдал рагIалда, «Берцинаб» абун цIар тараб гIурдада. Лъугьунеб-толеб жеги лъаларел, гIисинал лъимал, рорхун ккун байрахъалгун, руго гьел хьвагIулел. РачIунел руго, рачIана ва тIаде щвана школалдасан лъималазул роххалилаб ахIи. Ахирги рещтIана гьалбал гьайбатаб кIалгIаялда цере. БакI щун букIадго, абичIого гIоларо Республикаялъул бетIерасул рахъалъ чамго рагIи: гIаданлъи борцараб, берцинаб хасият буго гьесул.

Салам – абун бетIерги къулулаго, гьесие бокьун бугилан кколаан киналго каранда къазе, кверал рачине, кидаго гьаб росулъе щолев гIадин, щивасулгун гьикъа-бакъари гьабизе. Гьасда цадахъ ругелги, БетIерасдаса мисалги босун, салам кьолел ва гьеб буссинабулел рукIана. Районалъул БетIерасулъги бихьула сабурлъиги тIокIлъиги: тIадаб налъи борхараб, хъулухъалъул борч тIубараб, рес бугебщинаб гьабураб гIадаб.

МухIамад Малачевичас салам кьуна халкъалъе.

- Ахир-къадги тIаде щвана гьаб роххалилаб къо, рагьулеб буго цIияб спортзал - Ансадерие гуребги, районалъего пайдаяб спорталъул гьайбатаб кIалгIа. ГIорхъи гьечIеб баркала дуе, хIурматияв Владимир ГIабдугIалиевич, дуца нижер рахъ ккуралъухъ, квербакъаралъухъ, дур кумекалдалъун районалда рана ва жеги разе хIисабалде росун руго школал ва цогидалги социалиял бакIал. Гьел киналго масъалаби, хIисабалде росухъе ва ресазда рекъон, гIумруялдеги рахъинарулел руго.

Нужедаго лъалаха, гьаб ахираб кIиго соналда жаниб районалде бачIунеб бугеб баркаталъул чвахhи, ралел ругел цIиял объектал, батIаго халкъалъе лъикIлъи-санагIалъиялъе, рукIа-рахъиналъе бакIал.

ПалхIасил, гьаб сон сверарабго, Ансалда базе буго футболалъул стадион, Болъихъ райцентралда базе буго спортзал ва лъедолеб хIавуз, гьале гьаб соналъул ахиралда рагIалде бахъине буго кьишни-къул бацIцIад гьабулеб завод ва лъим бацIцIад гьабулеб бакIги. Гьаб кIиго соналъ гIадинал инвестицияби районалде ахирисеб лъабго-ункъго соналда жаниб щун рукIинчIо. Райбольницаялда сверухъ гьарулел хIалтIабиги тун батIияб.

Гьелда хурхун дие бокьун буго цойги нухалъ баркала загьир гьабизе Республикаялъул бетIер Владимир ГIабдугIалиевичасе. Гьединго дие бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала кьезе Россиялъул Президент В.В. Путиниеги нилъер гьариялъухъ гIинтIамуралъухъ ва хIисабалде росарал бакIал рагIалде рахъинариялде кIвар кьуралъухъ ва хасго жиндирго халкквеялда гъоркь чIезаруралъухъ.

КIудияб къварилъигун квекIен букIана. Владимир ГIабдугIалиевич, АнсалтIаса Болъихъе лъим бахъи хадуб бехъерхъун хутIиялъул. Гьеб иш халат бахъана анцIила микьго соналъ, гьездасан анцIила анлъго соналъ администрациялъ гIарзаби кьолел рукIана гьеб ишалъе гIарац биччаян. Мун вачIаралдаса гьеб суал тIаса ана, гIарац биччана ва суал тIубалеб буго. Баркала!

Бокьун буго, Ансадерил жамагIатги гьоркьоб ккун, дуе кIудияб баркала кьезе, щулияб сахлъи, халатаб гIумру ва хIалтIулъ икъбалгун талихI гьаризе.

Нилъер буго цадахъаб ва цого пикрабазулги къасдазулги команда. Нижеца хIаракат бахъила, цо гъурущ добегьанибе ккезе течIого, кинабго кколеб бакIалде харж гьабизе.

МухIамад Малачевичги гьоркьов къотIизавичIого, саламги кьун, Владимир Васильев жувана кIалъаялде гъорлъе. Гьес ракIалде щвезавуна Президент В.В. Путин кIиго моцIалъ цеве районалде вачIун вукIаравлъи ва кватIичIого гьевгун дандчIвазе жив ине вугеблъиги. Лъала В.В. Путинил нилъер районалде бугеб берцинаб бербалагьиялъул, гьес Болъихъ районалде хассаб кIвар кьолеблъиги ва Васильевас бугеб ахIвалхIалалъул мухIканго гьесулгун бицен гьабизе букIиналъулги. Болъихъ район буго Республикаялдаги Россиялдаги тIадегIанал ишазги росулел бергьенлъабазги машгьураб бакI. Хасго дол августалъул къояз, къвакIун нужеца улка цIуниялъги.

Спортивиял къецазги тIамула рещцун гурони батIияб къимат нужее кьунгутIизе. Республикаялъул бетIерасул баяназда рекъон, районалда щуазарго гIолохъанчи вугила спорталдехун хурхен бугел ва кIвар кьун хIаязда гIахьаллъи гьабулел.

Васильевас ракIалде щвезабуна 2008 соналъ Пекиналда Олимпиялъул хIаязда нилъер ракьцояс гIарцулаб медаль боси ва Европаялъулгун Дунялалъул чемпионатазда районалъул спортсменаз 47 медаль босиги, «Президентасул къецазда» Ансадерил лъималаз бихьизабураб тIадегIанаб хIасилги.

Республикаялъул бетIерас хассаб тIадчIей гьабун бицана «Грозный-Болъихъ-Хунзахъ-ГьерекIдерил площадка нухлул кIиго бутIаялда унел ругел лъикIал хIалтIабазул ва кIиябго Хъварщини росабазда гъоркьоб шагьранух бахъи рагIалде бахъунеб букIиналъулги.

Халкъалдехун хитIабгун кIалъай гьабуна Владимир ГIабдугIалиевичас налогал (магъало) ракIариялъул бугеб кIваралъулги: «Нилъеца бакIарараб магъало, нилъерго рукIа-рахъин лъикIлъизабиялъе уна ва гьелъ цебетIола росу, район ва Республика».

Ва гьес рекIелъ чIухIигун бицана Дагъистаналъ гьарурал лъикIал хIалтIабазухъ Россиялъул хIукуматалъ (правительство) нилъер Республикаялъе жеги цо миллиардгун 300 миллион гъурущ гIарац кьунилан. Гьанже ургъулел руго гьеб гIарац киндай харж гьабилеб абураб суалалда тIад.

Божа нуж, нилъер кинабго лъикI букIине буго, ва гьелъие хIажалъулаха нужер хIаракатги хIалкIвараб рахъкквейги.

Жакъа районалда «Мой Дагестан-моя вода» абураб проекталда рекъон хIисабалде босун буго Инхело ва Кванхидалъ росабалъе лъим бахъи ва АнсалтIа-РахатIа-Болъихъ лъим бачи рагIалде бахъинабизе. Гьебго гIадаб проекталда рекъон, Болъихъ базаралъул майдан къачIана ва Угольная къватIалда хъил тIей рагIалде бахъинабуна. Гьанибго Васильевас тIаде жубана жиндирго жамгIияв гIакълучи ГIабдулманапил пикруги: ЦIумада районалда базе бугила Дунялалдаго цIар араб, гугариялъул центрги. Президентасдаги гьеб берцин бихьана ва рахъ ккуна.

Халкъалдаги лъан букIине рехсолеб буго: гьеб букIине буго рорхатал мугIрузул шартIазда бараб дунялалдаго тIоцебесеб центр.

Жиндирго кIалъаялъул ахиралда Республикаялъул бетIерас баркана ансадерида цIияб спортивияб зал рагьи ва рагIиги кьуна гIагараб заманалда жив районалде жеги вачIине вугилан.

МухIамад ПатхIулаевасул тIаде жубай:

- ХIурматияб жамагIат, гIагарал ракьцоял, тIаде рачIарал гьалбал ва гьединго Республикаялъул бетIер Владимир ГIабдугIалиевич. Баркула нужеда киназдаго гьаб роххалилаб къо ва нилъее цIакъ хIажатаб цIияб спорткомплекс рагьи.

Баркала дуе, Владимир ГIабдугIалиевич, гьединал рекIелъе рортулел берцинал рагIабазухъги ва магIна бугеб каламалъухъги, гIадамазе кьураб баяналъухъги. Кинабго гьеб буго нижее жеги лъикI хIалтIизе гьабулеб аванс ва букIинеселде нижер ракI базаби. Ниж тIад чIун хIалтIизе руго, хIаракат бахъила берцинго, тIокIкIун тIолабго иш рагIалде бахъинабизе. Баркала!

Гьанже дие бокьун буго ансадерил жамагIаталъул рахъалдасан кIалъазе рагIи кьезе районалъул ЖамгIияб палатаялъул председателасул заместитель МухIамад Лабазановасе.

- ХIурматиял гьалмагъзаби! Жакъа буго нижер росдае роххалилаб къо, рагьулеб буго спорталъул кIалгIа. Гьеб ккола живго Россиялъул президентасул сайгъат. Нижер жамагIаталъул рахъалдасанги гьесие ракI-ракIалъулаб баркала буго. Хасго бокьун буго гIун рачIунел гIолилазул ва гIисинал спортсменазул, «Президентасул хIаязулъ» бергьенлъи босаразулги рахъалдасан баркала загьир гьабизе.

КIудияб баркала буго дуеги, Республикаялъул БетIер хIурматияв Владимир Васильев, дудасанги рази руго ниж, мун сабабалъе ккун рагIалде бахъана гьаб комплекс бай.

Баркала, МухIамад Малачевич, дуеги, дур тIадчIеялъухъ ва тIалабалъухъ.

Гьес гьединго баркала загьир гьабуна спорталъул кIалгIа барал хIалтIухъабазеги, гьезул бацIцIадаб ва роцIцIараб квер багъариялъухъ.

КIалъазе цеве вахъана Республикаялъул Физическияб культураялъул ва спорталъул министрасул ишал тIуралев Зейнал Салаутдинов.

- Хириял ракьцоял, баркула нужеда жакъасеб роххалилаб къо. РагIалде бахъана бан цойги кIудияб спорткомплекс. РекIелчIей буго гьаб зал спортсменал хIадурулеб къебелъи хIисабалда гуребги, тIолабго спорт цебетIезабулеб бакIлъунги лъугьинилан. Нижерго рахъалдасан гьитIинабго сайгъатги буго нужее: кIиго гугарулеб ургу.

Гьале, заман щвана кIалгIа рагьизе. Гьелъие изну кьуна Республикаялъулги районалъулги нухмалъулел В. Васильевасе ва М. ПатхIулаевасе. Гьениб гьез жидерго тIокIлъиги гIаданлъиги бихьизабуна: халкъалде гъорлъеги ун, гьез тIаса рищана бищунго гIисинал лъимал, кверал ккун гьелги рачун, гьезда кIукьмаххал ккvезеги малъун, къотIана багIараб чIоло. Цо-цо кесекги босун, В. Васильевас гьадин абуна: «Ниж кIодолъун руго, нижеда ракIалдасан ине бегьула гьаб лъугьа-бахъин, гьал гьитIичазул рекIелъ гьеб абадиялъ хутIила».

Болъабаздасан тIадеги рахун, рагьана цIияб кIалгIаялъул нуцIби. Гьале бацIцIадаб цIияб зал, загIипаб лажбаралъул махI, ва дида ракIалде щвана тIоцеве дунго школалде араб къо…

ХIакимзаби щибаб тIагIел - алаталде аскIоре ана ва гьезухъ балагьана, гьезие алатал рекIее гIуна, цо-цоязул хIалгицин бихьана. Разияб гьумер, Васильевасул роххалилаб гьими, ПатхIулаевасул разилъи ва жамагIаталъул гIамаб роххел…

ЛъикIго рукIайилан ансалги тун, вертолеталъ «нух босана» ЦIумаде.

- Ва, цIоб гIатIидав Аллагь, тIаса унгеги нижедасаги нижер ракьалдасаги гьадинаб баракат ва халкъалъе пайдаял цIия-цIиял бакIал хIалтIизаризе кьей.

**С. Сахратулаева,**
**нижер мухбир**

# МУХIАММАД АВАРАГ (С.Т.ГI.В) ГЬАВУРАБ МОЦIАЛЪУЛ ХIУРМАТАЛДА МАЖЛИС



АнцIабилеб ноябралъ Болъихъ росулъ букIана батIияб чIаголъи. Радал рогьаралдаса руччабаз мажгиталда сверухъ ругел нухал ва къватIал рацIад гьаруна. ТIелал гьарун рачIана бихьиналгун руччаби ва лъимал мажгидалда цере. Аллагьасул хIалкIолъиялдалъун гьеб къоги букIана роцIцIараб ва хинаб.

Балъхъадерил жамагIаталъ цебеккунго рагIизабун букIана гьеб къоялъ МухIаммад авараг (с.т.гI.в.) гьавураб къо кIодо гьабун, мажлис тIобитIизе бугилан.

Цудунго рачIун бихьиназ чIахIиял хьагазда гъоркь цIа бакана, руччабаз тепсиялъул низам гьабуна.

Гьедин росдал жамагIат хIадурун букIана сверухъ ругел росабалъаги рехесаги тIаде ахIарал гьалбал къабул гьаризе.

Гьале тIаде щвана тIадегIанал гьалбал.

Гьалбадерида гьоркьов, мажлисалда гIахьаллъи гьабизе вачIун вугоан муфтиясул вакил Идрис Асадулаев, Болъихъ районалъул гIалимчи ТIагьа ХIажимухIамадов ва районалъул имам МухIамад Къадиров., ГIортаколо росдал имам Салман Ибрагьимов ва цогицоги росабазул имамзабигун жамагIатал.

КIалъазе рахъараз бицана МухIаммад аварагасул (с.т.гI.в.) гIумруялъул ва гьесул гIумруялда жанир ккарал лъугьа-бахъиназул, АсхIабзабазул (аллагь жидедаса разилъаял)



Аварагасде (с.т.гI.в.) букIараб хIурматалъул.

Идрис Асадулаевас жиндирго вагIзаялда кин авараг вокьулев вукIарав гьеб киналъулго хIакъалъулъ мухIканго бицана.

Анасидасан бачIараб ХIадисалда абулеб буго: «Нужер цонигиясул иман камилаб букIунаро, жиндирго нафсалдаса, лъималаздаса, эбел-инсудасан ва киналго гIадамаздаса цIикIкIун авараг вокьизегIан.

Гьеб хIадисалъ абулеб буго камилаб иман букIине ккани, -ТIадегIанав жинда Аллагьас салат салам лъеяв вокьи, ТIадегIанав Аллагьасул Расул-



МухIаммад авараг (с.т.гI.в) лъидасагогицин гIемер вокьизе тIадаб букIин.

ТIагьа ХIажимухIамадовас аварагасул (с.т.гI.в.) суннат цIунун кин хьвадизе кколебали бицана.

Салман Ибрагьимовас бицана гIелму тIалаб гьабиялъул бугеб хиралъиялъул ва ни лъер наслабазе исламияб тарбия кьезе тIадаб букIиналъул. Нилъеца лъайги гьечIого Аллагьасе гьабулеб гIибадат ка-



милаб букIунарилан.

МухIамад Къадировас бицана мажлис гьабиялъул мурад кколин тIоцебе Авараг (с.т.гI.в.) кIодо гьави, гIадамазда гьоркьоб дин щулалъизаби, халкъалда гьоркьоб вацлъи, гIаданлъи, гьудуллъи щула гьаби.

Къалъудаса хадуб мажлисалда гьабуна лъималазда гьоркьоб МухIаммад аварагасул (с.т.гI.в.) гIумруялдаса ва динисламалдаса росун суалалги кьун къецал. МухIканал жавабал кьуразе сайгъаталги гьаруна.

Мажлис лъугIун хадуб тIаде



рачIарал гьалбалгун росдал гIадамал ахIана кванил тепсиялде.

Росдал жамагIаталъ гьеб кIудияб мажлис тIобитIана киналго гIадамазул сахаватаб квералъ, гьенибе бачIараб садакъаялъ. Къураб садакъа азариде бахизабуна лъикIаб дугIаги гьабун. Аллагьас къабул гьабеги киназулго садакъаги лъикIал ишалги.

ЖамагIаталъ кIудияб баркала кьуна жалги кIодо гьарун, МухIаммад авараг(с.т.гI.в) гьавураб къо кIодо гьабизе мажлисалде рачIарал гьалбадерие.

**З. КЪУРАМУХIАМАДОВА,**
**нижер мухбир.**

# *МАЖЛИС ТIОБИТIИЛАЛДЕ ГЬАБУРАБ ТАДБИР*





Болъихъ росулъ щамат къоялъ имамасул ахIиялда рекъон росулъ тIобитIана субботник. Росдал жамагIат хьвадулел нухал рацIцIун, гвендал ругел бакIал цIезарун, тIаде рачIунел гьалбадерие квал-квал кколаредухъ къачIан ритIизаруна нухал.

Росдал имамас гьенир гIахьаллъаразе кIиябго дунялалда баркалаги кириги кIудияб хIалтIухъ баркалаги кьуна.

**Болъихъ росдал имамасул баяналда рекъон.**



**Ш.Муртазалиевасул суратал**

## ПОЗДРАВЛЯЮ

# ЕДИНСТВЕННЫЙ УЧЕНЫЙ ИЗ ДАГЕСТАНА ВЫБРАННЫЙ АКАДЕМИКОМ В РАН



15 ноября 2019 г. уроженец с.Анди Ботлихского района Хизри Амирханов был избран академиком Отделения историко-филологических наук Российской академии наук (РАН) по истории России. Он стал единственным ученым из Дагестана, избранный академиком на нынешних выборах в РАН. Хизри Амирханов археолог, специалист в области палеолита Кавказа и Ближнего Востока. В мае 2003 года был избран членом-корреспондентом в РАН по отделению историко-филологических наук. В 2009 году избран председателем Дагестанского научного центра в РАН и директором Института истории, археологии и этнографии ДНЦ РАН. Всего Х.Амирхановым издано более 250 научных трудов . Среди них важнейшими являются: «Верхний палеолит Прикубанья», «Чохское поселение: Человек и его культура в мезолите и неолите Горного Дагестана», «Палеолит юга Аравии», «Зарайская стоянка», «Каменный век Южной Аравии». Хизри Амирханов член международных сообществ, член редколлегии двух международных журналов издающихся во Франции и в США. За достижения в научной и научно-организационной работе он отмечен Почетным званием «Заслуженный деятель науки Республики Дагестан», медалью «850 лет Москве». В 2000 году он удостоен звания «Почетный гражданин города Зарайска Московской области», в 2008 году - стал лауреатом Национальной премии «Достояние поколений». Желаем Хизри Амирхановичу творческого долголетия, успешного выполнения задуманных планов изучения палеолита Кавказа и плодотворного сотрудничества с единомышленниками и коллегами!

**Х. Хасаймирзаев, наш собкор**

# ДА БУДЕТ И У НАС МУЗЕЙ...



На днях по приглашению главы района Магомеда Патхулаева, с целью ознакомления , проектирования, оформления построенного нового помещения под музей воинской славы, Ботлихский район посетили, генеральный директор национального музея РД имени А. Тахо-Годи Пахрудин Магомедов и главный хранитель Нацмузея Заира Кильдеева.

Здание под музей площадью 280 квадратных метров , была построена в 2019 году и находится на первом ярусе нового мемориального комплекса. В музее будут представлены экспонаты и фотографии разных военных лет.

Гости вместе с главой района в сопровождении начальника финансового управления и экономики администрации МР «Ботлихский район» Заурбега Муслимова и начальника отдела строительства и архитектуры Магомеда Абакарова осмотрели достроенное помещение.

Так, по словам специалистов, здание по размерам идеально подходит для музея. «Техническое оборудование имеет решающее значение создание условий хранений музейных ценностей, для этого необходимо иметь хранилище, кабинет для персонала, немало важное значение имеет регулирование в помещении соответствующей температуры , для сохранности экспонатов. Вместе с тем мы должны учитывать и световую гамму .» - отметила Заира Кильдеева. При этом она предложила пригласить художника -дизайнера, который течении недели представит готовый макет музея.

«И после завершения всех работ, по предложенному макету, мы приступим к оформлению музея»- сказала Заира Кильдеева.

Обращаясь к специалистам, Магомед Патхулаев рекомендовал, ускорить работы в данном направлении, и ко Дню 75-й годовщины победы в Великой Отечественной войне подготовить музей к открытию. В связи, с чем главой района были даны конкретные поручения Заурбегу Муслимову и Магомеду Абакарову.

**Дж. Ахмедудинова,**
**пресс-секретарь администрациии**


ГЬУДУЛЛЪИ

**Газета гIуцIарал:**

**«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация**

**Учредители:**

**Администрация МР «Ботлихский район»**

**Редакторасул бакIалда**
**М-Р. ГъазимухIамадов**
**Отделалъул редакторал:**
**П. Дибирова ,**
**ГI. ГъазимухIамадов**
**Мухбирзаби:**
**С. Бисага**
**З.КъурамухIамадова**
**С. Сахратулаева**
**Х. Хасаймирзаев**
**Корректор**
**П.МухIамадова**

**Наборщица**
**П. Эльдарова**

**Дизайнер**
**С. Камилова**

**Программист**
**А. Ибрагьимова**

**Фотокорр**
***К. Камилов***

*Индекс: 368970*
*Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Централияб къватI, 5*

*Телефонал:*
*Редакторасул 2-20-53*
*ГIаммаб 2-20-37*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61*
*Тираж -550*
*Индекс-51349*
*Багьа-6 гъурущ*

*Газета печаталде кьуна 16.00 хамиз къоялъ*
*Газета кьабуна 20.00*

*Заказ № _____*

*Газета перерегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых комуникаций 31 мая 2017 года.*
ПИ № ТУ 05 - 00381

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.*
*Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.*